



MODPAS KI FÈB YO SE FASON

ki pi komen pou
kriminèl sou entènèt
jwenn aksè nan kont yo

Ranfòse modpas yo ak twa konsèy Senp

Sèvi ak modpas solid ak èd yon manadjè modpas se youn nan fason ki pi fasil pou pwoteje kont nou yo epi kenbe enfòmasyon nou yo an sekirite.

1

Fè yo long

Omwen 16 karaktè-pi long se pi fò!

2

Fè yo owaza

De fason pou fè sa yo se:

Sèvi ak yon seri lèt owaza (majiskil ak miniskil), nimewo ak senbòl (pi fò a!):

cXmnZK65rf*&DaaD

Kreye yon pasfraz memorab nan 5 - 7 mo ki pa gen rapò:

HorsPerpleHatRunBayconShoos

→ Se pou kreyatif ak òtograf pou fè li menm pi fò.

3

Fè yo inik

Sèvi ak yon modpas diferan pou chak kont:

k8dfh8c@Pfv0gB2

LmvF%swVR56s2mW

e246gs%mFs#3tv6

Konsèy!

Sèvi ak yon manadjè modpas pou sonje yo.

Kite yon manadjè modpas fè travay la!

Yon manadjè modpas kreye, estoke ak ranpli modpas pou nou otomatikman.

Lè sa a, nou chak gen sèlman pou sonje yon modpas solid—pou manadjè modpas la. Chèche sous ou fè konfyans pou “manadjè modpas” tankou Rapò Konsomatè, ki ofri yon seleksyon manadjè modpas ki gen anpil valè. Li komantè pou konpare opsyon epi jwenn yon pwogram ki gen bon repitasyon pou ou.

Lè nou chwazi modpas solid, nou rann li pi difisil pou yon moun vòlè nou:



Done



Lajan



Idantite

Sèvi ak modpas solid se yon fason pou **Sekirize Mond Nou an.**



Nou tout ka ede youn lòt

rete pi an sekirite sou entènèt, donk pataje konsèy sa yo ak yon manm fanmi oswa yon zanmi!

cisa.gov/SecureOurWorld